

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN


3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan kualitatif ngeunaan prinsip kasopanan katut maksim-maksim paguneman nu aya dina novel *Saéni* karya Hadi AKS. Sedengkeun métodeu anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu panalungtikan déskriptif analisis. Ratna (2004, kc. 53) nétélakeun yén déskriptif dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu dituluykeun ku analisis. Dina panalungtikan déskriptif digunakeun pamarekan induktif, alur induktif dimimitian ku prosés atawa kasus husus nu bisa ditarik kana masalah umum nu mangrupa kacindekan tina prosés atawa kasus husus éta (Nurmalasari jeung Erdiantoro 2020, kc. 2). Dumasar kana naon nu geus ditepikeun di luhur, dicindekkeun dina ieu panalungtikan digunakeun métodeu panalungtikan déskriptif.

Ku ngagunakeun panalungtikan déskriptif, panulis miboga karep pikeun mikawanaoh kana pola paguneman jeung prinsip paguneman anu aya dina novel *Saéni* karya Hadi AKS. Urutan gawé dina ieu panalungtikan nyaéta ngumpulkeun data, nyusun data, ngaklasifikasikeun, anu satuluyna diinterpretasikeun.

Désain panalungtikan ditujukeun sangkan ngumpulkeun data panalungtikan leuwih éféktif. Nurutkeun Nasution (dina Samsudin 2014, Kc. 28) désain panalungtikan nyaéta rarancang ngeunaan cara ngumpulkeun jeung nganalisis data nu tujuana sangkan bisa leuwih éféktif dina ngumpulkeun jeung nganalisis data luyu jeung tujuan panalungtikan. Sacara hakékat, désain panalungtikan nyaéta aksi panalungtikan nu mangrupa alat-alat kagiatan nu disusun sacara logis jeung nyambungkeun antara masalah panalungtikan jeung jawaban masalah panalungtikan dina hiji kacindekan (Rahardjo 2017, kc. 2).

Saluyu kana pamarekan kualitatif jeung métodeu panalungtikan déskriptif, perlu disusun désain panalungtikan. Ieu désain panalungtikan diadaptasi tina (Arikunto, 2010, Kc, 171) nu désain panalungtikana saperti ieu di handap.



Bagan 3.1
Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta paguneman nu aya dina sumber data. Éta data dicokot tina struktur jeung prinsip paguneman nu aya dina novel *Saéni* karya hadi AKS. Buku *Saéni* nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan téh dipedalkeun ku Kiblat Buku Utama Bandung, nu medal taun 2014 nu kandelna 151 kaca nu eusina aya sawelas bab nu unggal babna teu dijudulan ku panulis. Anapon data séjén dina buku nu teu diasupkeun kana sumber data nyaéta *Sasakala Carita* jeung *Miindung ka Laut Mibapa ka Sagara*. Dua tulisan éta teu diasupkeun kana sumber data ku sabab di jeron mangrupa informasi saluareun carita novelna. Cukang lantaran dipilihna novel *Saéni* karya Hadi AKS pikeun ieu panalungtikan ku sabab loba téks paguneman anu bisa dijadikeun sumber data kanggo ieu panalungtikan. Lian ti éta ieu buku kungsi dilélér pinunjul ka hiji pasanggiri ngarang novel “*Hadiah Sastra Oeton Moechtar*” taun 2000-2001 nu diayakeun ku majalah *Manglé* (AKS, 2014, kc. 8). Ieu novel asalna tina carpon anu judulna “Halimun di Suku Gunung” dina buku kumpulan carpon “Oknum” anu satuluyna éta carpon téh dimekarkeun deui ku Hadi AKS jadi novel *Saéni*.

Anapon tingkesan carita tina novel *Saéni* karya Hadi AKS nyaéta nyaritakeun hiji jajaka nu ngarana Ijan. Manéhna hirup tiluan di lembur Teluk kamuning jeung bapa tur indung téréna. Indung téréna nyaéta Nyi Saéni, Sri panggung Ubrug Bénhur nu kungsi diuudag ku manéhna keur dijadikeun pamajikan. Tapi horéng kaburu dipihukum ku bapana, antukna si Ijan gering ngalanglayung kanyenyieran ku bapana. Sanajan kitu, Nyi Saéni satékah polah ngubaran haténa si Ijan, nu tungtungna mah manéhna bisa narima kana kanyataan. Basa Nyi Saéni geus kakandungan, rasa nyeri hate Ijan bet kahudang deui sabab saban poé ngan di imah duaan, sabab bapana ngalaut nu balikna bulan kali. Ngan hiji waktu Nyi Saéni karuron nu nyieun bapana Ijan gering ngalanglayung nepi ampleng-amplengan ngalaut teu balik deui. Sanggeus manglila-lila euweuh béja salakina, Nyi Saéni balik deui ka Gunung keneng pikeun bisa nyambung hirup jadi sri panggung deui. Rasa hate Ijan teu bisa disumputkeun, manéhna ngudag Saéni nepi manéhna ngiluan manggung jeung Ubrug Bénhur. Tapi duriatna teu bisa laksana, sabab

geuning Nyi Saéni kaburu dipihukum ku Ki Baidin nu geus ngamodalan grup Ubrugna. Tungtuna Ijan mulang deui ka Teluk tur teu leupas tina kanyeri haténa.

3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, téknik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nyaéta téknik studi pustaka. Adlini spk (2022, kc. 2) nétélakeun yén studi pustaka nyaéta métodeu ngumpulkeun data ku cara maham jeung neuleuman rupaning tiori-tiori tina rupa-rupa bahan literasi nu patali jeung panalungtikan. Studi pustaka nyaéta métodeu nu ngumpulkeun data ku cara neuleuman rupa-rupa tiori tina sumber-sumber literatur nu aya patalina jeung panalungtikan nu keur dilaksanakeun (Putri, 2019, kc. 2). Dina ieu panalungtikan, nu jadi sumber data nyaéta karya fiksi nu mangrupa buku novel nu judulna *Saéni* karya Hadi AKS.

Tina hasil kacindekan tina téknik di luhur, data tina ieu panalungtikan bakal dikumpulkeun ngaliwatan sababaraha léngkah. Léngkah-léngkah tina ngumpulkeun datana bisa diruntuykeun cara ieu di handap.

- a) Maca buku novel *Saéni* karya Hadi AKS kalawan gemet sangkan maham jeung mikanyaho kana eusina.
- b) Nyirian unggal-unggal paguneman nu aya di jero novel *Saéni* karya Hadi AKS.
- c) Nyalin atawa mindahkeun sakabéh data paguneman anu kapanggih jeung dicirian kana kartu data digital tur méré nomer kode paguneman.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan kaasup kana salah sahiji unsur nu aya dina kagiatan panalungtikan. Nurutkeun Alhamid jeung Anufia (2019, kc. 4) instrumén panalungtikan nyaéta alat-alat anu dibutuhkeun jeung dipaké pikeun ngumpulkeun data. Nilik tina sawangan Alhamid jeung Anufia, kituna instrumén panalungtikana kacida dibutuhkeuna ku panalungtik sabab bisa mantuan panalungtik dina ngumpulkeun data.

3.4.1 Instrumén Kartu Data

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital nu eusina ngeunaan rupa-rupa informasi data anu dikumpulkeun. Alesan dipakéna kartu data ku sabab dina kartu data bisa dieusian ku rupa-rupa informasi ngeunaan data nu

leuwih lengkep tur rinci. Eusi tina kartu data aya téks paguneman anu dianalisis prinsip gawé bareng tur maksimna, jeung wanda kalimah wacanana. Unggal data anu diasupkeun kana kartu data bakal dibéré kode pikeun invéntarisasi data. Conto kode pikeun nandaan data saperti kieu, SAÉNI /21/PG1, eusi tina kode nyaéta judul tina novel Saéni (S), Kaca 21 (21), jeung Paguneman 1 (PG1). Alfabét “a-z” dipaké pikeun nandaan urutan omongan jeung alfabét “A-Z” dipaké pikeun nandaan palaku paguneman saupamana informasi ngaran tokoh kasampak dina eusi ning carita. Angka handapeun ngaran palaku nuduhkeun jumlah omongan nu dikedalkeun ku palaku dina hiji paguneman saumapa leuwih ti hiji omongan. Sarta tanda kurung tur nomer luhureun kurung nuduhkeun jumlah pola nu diulang. Sedengkeun conto atawa template tina kartu datana nyaéta saperti ieu di handap.

Tabél 3.1
Kartu Data Panalungtikan

KARTU DATA NOMER: 1	
Kode data: S/27/PG1	
Adegan Paguneman:	<p>a). Barudak 1₁: “Saha baé ronggéngna?”</p> <p>b). Barudak 2: “Tuh deuleu, tiluan ronggéngna géh!”</p> <p>c). Barudak 1₂: “Tah nu di tengah Nyi Saéni mah, nyah?”</p> <p>d). Barudak 3: “Béjakeun ka Ki Cindul, nu kebel kituh serimpianana!”</p> <p>e). Barudak 4: “Enya, meungpeung kami keur boga duit yeuh. Tas ngajual kakap kituh!”</p> <p>(GB/PU/PPP/JO/GNUTP)</p>

3.4.2 Format Klasifikasi Data

Ku sabab kartu data saukur midangkeun hiji data paguneman sacara husus, ku kituna diperlukeun papasingan atawa klasifikasi data perbahasan. Ieu hal ditujukeun sangkan prosés analisis data bisa leuwih gampil tur éféktif utamana dina ngawincik data. Format klasifikasi data dipasing jadi lima tabél nu masing-masingkeun data gumantung kana opat jenis maksim rempug jukung tur kasatuan kana prinsip rempug jukung dina paguneman. Salian dicirian ku kode data, unggal omongan tina hasil paguneman dicirian ku alfabét (a,b,c, jst) pikeun nandaan hiji omongan, jeung nandaan palaku atawa tokoh ko alfabét (A,B,C, jst). Papasingan data ébréh dina tabél 3.2, 3.3, 3.4, 3.5, 3.6 jeung 3.7 ieu di handap.

Tabél 3.2
Lambar Analisis Maksim Kualitas

No Urut	No Data	Paguneman (Maksim Kualitas)	Kode Data

Tabél 3.3
Lambar Analisis Maksim Kuantitas

No Urut	No Data	Paguneman (Maksim Kuantitas)	Kode Data

Tabél 3.4
Lambar Analisis Maksim Kasaluyuan

No Urut	No Data	Paguneman (Maksim Kasaluyuan)	Kode Data

Tabél 3.5
Lambar Analisis Maksim Cara

No Urut	No Data	Paguneman (Maksim Cara)	Kode Data

Tabél 3.6
Tabél Analisis Rempakan Prinsip Rempug Jukung

No Urut	No Data	Paguneman nu Ngarempak Maksim Pragmatis	Kode Data

Tabél 3.7
Data Paguneman

No Urut	No Data	Data Paguneman	Kode Data
		(BjP/GB/PU/PPP/JO/GN/PP/SRO/UTP)	

Katerangan:

- Bjp: Bubuka jeung Panutup
- GB: Gawé bareng panyatur jeung mitra tutur
- Pu: Polah ucap
- PPP: Penggelan pasangan paguneman
- JO: Jejer omongan
- GN: Giliran nyarita
- PP: Paguneman panuluy
- SRO: Sipat runtuyan omongan
- UTP: Unsur tatabasa paguneman

3.5 Téknik Ngolah Data

Téknik ngolah data nurutkeun Hasan (dina Surachman spk, 2016 kc. 159) nyaéta hiji cara atawa prosés dina meunangkeun data ringkesan atawa angka ringkesan ku ngagunakeun cara-cara atawa rumus anu tangtu. Sedengkeun nurutkeun Sugiyono (dina Putri, 2020, kc. 22) nétélakeun yén ngolah data nyaéta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis data nu aya tina hasil panalungtikan ku cara wawancara, catetan lapangan, dokuméntasi, ku cara ngaorganisasikeun data kana katégori, prosés narjamahkeun kana unit-unit, nyusun pola-pola, mlih nu penting, jeung nyieun kacindekan.

Data anu aya dina hasil ngumpulkeun data langsung dianalisis ku téknik unsur langsung (*Immediate Constituent Analysis*). Léngkah-léngkah anu dipaké dina ngolah data ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- a) Mariksa, nandaan, jeung maluruh data paguneman anu geus dikumpulkeun dina kartu data.
- b) Nyieun papasingan data paguneman dumasar kana format klasifikasi data.
- c) Nganalisis data omongan nu aya dina paguneman dumasar kana prinsip, maksim, jeung wanda ka limah wacana.
- d) Ngadéskripsikan unggal data nu geus dianalisis.
- e) Nyieun tafsiran katut kacindekan tina adegan paguneman hasil analisis data.